

Avi sou Pratik konsènan Konfidansyalite NYC Health + Hospitals

Avi sou Pratik konsènan Konfidansyalite sa a, (Notice of Privacy Practices, "NPP") dekri kijan yo ka itilize epi pibliye enfòmasyon medikal ou ak enfòmasyon sou tretman pwoblèm ki lye ak itilizasyon dwòg oswa alkòl (substance use disorder, SUD) epi kijan ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo; dwa ou genyen parapò ak enfòmasyon sou sante ou; kijan pou w depoze yon plent konsènan yon vyolasyon vi prive oswa sekirite enfòmasyon sou sante ou; oubyen dwa ou genyen konsènan enfòmasyon ou yo ak kijan ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo.

Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi avi sa a sou fòm pape oubyen fòm elektwonik epi diskite sou li avèk Biwo Konfòmite Kòporatif la, Ofisye Konfidansyalite ak Sekirite Kòporatif la pa imèl nan CPO@nychhc.org.

Tanpri revize li ak anpil atansyon.

Entwodiksyon ak Enfòmasyon

New York City Health and Hospitals Corporation, ke yo rele tou "NYC Health + Hospitals" oswa "Sistèm nan," gen obligasyon, dapre lwa federal la, espesyalman Lwa sou Pòtabilite ak Responsablite nan kesyon Asirans Sante 1996 la (Health Insurance Portability and Accountability Act, "HIPAA") ak Tit 42 Kòd Règlemantasyon Federal (Code of Federal Regulations, CFR), Pati 2, pou prezève konfidansyalite enfòmasyon sou sante pwoteje ou yo, ki gen ladan l ba ou yon avi sou obligasyon legal li yo ak pratik sou konfidansyalite li yo, ki gen ladan obligasyon pou avize ou nan ka ta gen yon vyolasyon dosye ki pa pwoteje, ak yon deskripsyon sou kalite enfòmasyon nou kolekte sou ou, ak ki moun nou ka pataje enfòmasyon sa yo, ak dwa ou yo. NPP sa a dekri pwoteksyon vi prive ou ak lòt dwa ki gen rapò ak enfòmasyon sou sante ou dapre HIPAA ak 42 CFR, Pati 2. Ou kapab pwoteje anba lòt pwoteksyon ak lòt lwa anplis nan kad lòt lwa Federal ak/oswa lwa Eta a ki pa dekri nan NPP sa. Sistèm nan oblije suiv kondisyon avi ki an vigè kounye a.

Ekspresyon "enfòmasyon sou sante" jan sa itilize nan NPP sa a, siyifi enfòmasyon pèsone ki ka idantifye w ke Sistèm lan kreye, resevwa, konsève, oswa transmèt e ki konsène swen sante ak tretman w, ak tout pèman pou tretman ak swen sante sa yo.

Enfòmasyon sou tretman pou twoub konsènan itilizasyon dwòg oswa alkòl (SUD), jan yo itilize l nan NPP sa a, se yon kalite enfòmasyon sou sante ki resevwa pwoteksyon adisyonèl dapre règleman federal yo (42 CFR, Pati 2).

Lòt pwoteksyon sou vi prive, ki pa dekri nan NPP sa a, ka aplike pou enfòmasyon sou sante ki gen rapò ak VIH, enfòmasyon sou sante mantal, ak enfòmasyon jenetik oswa tès jenetik.

NPP sa a dekri pratik konfidansyalite yo dwe suiv nan tout etablisman, inite ak antite NYC Health + Hospitals yo, tankou tout lopital swen entansif ak swen klinik ki asosye yo; tout sant dyagnostik ak tretman Gotham Health ak Sant Sante Katye ki asosye yo; tout etablisman swen entansif alontèm ak etablisman swen enfimye kalifye; ak tout sèvis ak pwogram lakay ak nan kominote a.

NYC Health + Hospitals gen tout dwa l pou li repase men nan NPP sa. NYC Health + Hospitals gen dwa pou fè NPP revize a antre an vigè pou enfòmasyon sou sante ak enfòmasyon sou tretman SUD ki deja konsève yo, ansanm ak nenpòt enfòmasyon sou sante ak enfòmasyon sou tretman SUD yo resevwa pi devan. NYC Health + Hospitals ap afiche yon kopi NPP sa a (ak dat li ap anplas) yon kote tout moun ka wè nan etablisman li yo, inite, ak antite li yo ak sou sit entènèt piblik li an.

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante ki gen rapò ak Tretman, Pèman, ak Fonksyonman Sèvis Swen Sante yo

Tretman. Sistèm lan ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w pou ba w tretman medikal, swen oswa sèvis, epi li ka divilge enfòmasyon sou sante w bay founisè swen sante oswa lòt manm pèsonèl ki enplike nan pran swen w lan. Plizyè depatman nan yon lopital kapab pataje enfòmasyon w tou pou fè kowòdinasyon ak lòt sèvis swen sante ou ka bezwen tankou preskripsyon, laboratwa ak radyografi. Lè sa nesesè, Sistèm lan ka divilge enfòmasyon sou sante ba moun ki pa nan Sistèm lan men ki fè pati de moun ki ap ba w swen. *Pa egzanp: Yon founisè swen sante ki ap trete pye w ki kase ap bezwen konnen atravè lòt founisè swen sante si ou fè sik paske si w fè sik sa ka ralanti pwosesis gerizon an kidonk yo oblije ranje yo pou yon sèvis ki apwopriye.*

Pèman. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w pou l resevwa pèman pou sèvis swen sante ak tretman li ba ou. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w bay plan sante w la sou tretman ak pwosedi ou pral resevwa yon fason pou li jwenn yon apwobasyon alavans oswa pou li detèmine si plan an ap garanti tretman an. Pou sa ki gen rapò ak sèvis ou peye ak sèl lajan nan pòch ou, ou kapab mande Sistèm lan pou l limite enfòmasyon li ap pataje ak konpayi asirans ou an, selon limit lalwa. *Pa egzanp: Sistèm lan ka bezwen bay plan sante w lan enfòmasyon sou yon pwosedi chiriji ou resevwa nan NYC Health + Hospitals yon fason pou plan sante an peye Sistèm lan oswa ranbouse w lajan tip pwosedi sa koute a.*

Sèvis Swen Sante. Sistèm lan kapab itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w pou asire fonksyonman ojoulejou epi pou asire nou pasyan NYC Health + Hospitals resevwa swen de kalite. Sistèm lan kapab mete ansanm enfòmasyon sou plizyè pasyan pou fè estatistik oswa analiz pou detèmine efikasite ak nesesite sèvis yo founi yo. Lè sa nesesè, Sistèm lan gen dwa divilge enfòmasyon sou sante ba kontab, konsiltan, ak lòt pwofesyonèl yo gen kontra avèk yo pou sipòte fonksyonman plizyè pwogram, antite ak etablisman. *Pa egzanp: Sistèm lan ka itilize enfòmasyon sou sante w pou revize kalite tretman ak sèvis li founi yo.*

Rapèl pou Randevou. Sistèm lan gen dwa pou li itilize ak divilge enfòmasyon w pou l kontakte epi raple w randevou w genyen nan etablisman, inite oswa yon antite.

REMAK: *Li nesesè pou bay yon konsantman ekri pou divilgasyon enfòmasyon sou tretman SUD pou rezon tretman, pèman, ak sèvis swen sante.*

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante w ki Mande yon Otorizasyon

NYC Health + Hospitals sipoze gen otorizasyon w alekri avan li itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w nan sityasyon ki vin annapre yo:

Maketing. Sistèm lan sipoze gen otorizasyon w alekri avan li itilize enfòmasyon sou sante w pou li kominike avè w, ofri w pou w achte oswa itilize yon pwodui oubyen yon sèvis, amwenske kominikasyon sa fèt fas a fas ant ou menm ak Sistèm lan, oswa si se yon kado pwomosyonèl ki gen yon valè senbolik Sistèm lan ap founi w. Men, sityasyon sa yo pa bezwen otorizasyon alekri davans, sof si Sistèm lan resevwa pèman nan men yon tyès pati an echanj pou kominikasyon avèk ou: (i) avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante; (ii) enfòmasyon sou medikaman; ak (iii) opsyon tretman.

Vann Enfòmasyon sou Sante. NYC Health + Hospitals p ap vann enfòmasyon sou sante w san otorizasyon w alekri alavans.

Itilizasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante w ki Pa Mande yon Otorizasyon

NYC Health + Hospitals pa bezwen jwenn otorizasyon ekri ou anvan yo divilge enfòmasyon sou sante ou nan sitiyasyon ki mansyone anba yo.

REMAK: Itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou tretman SUD nan sitiyasyon ki mansyone anba yo ka mande konsantman ekri ou dapre 42 CFR, Pati 2.

Anyè Sèvis Lopital la. Sistèm lan ka itilize kèk enfòmasyon sou sante w nan anyè sèvis lopital la pandan w etène oswa dòmi lopital la. Enfòmasyon sou sante sa yo ka gen ladan yo non w, kote w ye nan sant lan, kondisyon jeneral ou ak afilyasyon relijye ou. *Remak:* Sèlman manm klèje a oswa moun ki nan travay klèje a y ap mete okouran konsènan relijyon w fwa relijye w. Si w ta prefere pou Sistèm lan pa mete enfòmasyon sou sante w sa yo nan anyè sèvis lopital a, ou genyen dwa pou refize mete tip de enfòmasyon sa yo, ou kapab anpeche sa si w kontakte Depatman Admisyon oswa Depatman k ap Jere Enfòmasyon sou Sante sant lan.

Aktivite pou Kolekte Lajan. Sistèm lan gen dwa itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w pou l kontakte w nan lide pou kolekte lajan pou enfrastruktir Sistèm lan ak fonksyònman sant swen sante yo. NYC Health + Hospitals kapab pataje enfòmasyon w yo tou avèk yon fondasyon ki gen rapò ak Sistèm lan oswa yon biznis asosye nan menm objektif lan. Pou w chwazi pa resevwa kalite komunikasyon sa a, ou ka voye yon demann ekri pa imèl bay optoutforfundraising@nychhc.org. Yo pap refize w okenn tretman, oswa lòt avantaj oswa sèvis sou baz ou pa vle resevwa komunikasyon ki gen rapò ak kolèk lajan.

Rechèch. Si w patisipe nan yon esè klinik, NYC Health + Hospitals ap mande w pèmisyon w alekri avan yo itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w. Gen kèk sikonstans, Sistèm lan ka itilize enfòmasyon sou sante w san l pa mande w pèmisyon w alekri pou yon rechèch si li gentan mennen yon pwosesis apwobasyon espesyal ki asire risk ki genyen sou vi prive w la tou piti. Nan okenn ka yon chèchè pa ka divilge non w oswa idantite w piblikman kit se nan preparasyon pou etid la, pandan etid la, oswa aprè etid la.

Moun ki Fè Pati Moun k ap Pran Swen w oswa ki ap Peye Pou yo Pran Swen w. Amwenske w pa dakò, Sistèm lan kapab divilge enfòmasyon ki sou sante w bay yon manm fanmi oswa yon zanmi ki fè pati gwoup moun k ap pran swen oswa k ap peye pou pran swen w.

Moun ki ka Aji nan Non w. Sistèm lan ka divilge enfòmasyon sou sante w a yon reprezantan pèsonèl, ki kapab tou yon paran oswa yon gadyen.

Pou Evite Gwo Pwoblèm Sante oubyen pou Sekirite w. Sistèm lan ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w lè sa nesèsè, pou anpeche yon menas grav sou sante ak sekirite w oswa sou sante ak sekirite piblik lan oswa yon lòt moun.

Militè ak Veteran. Si ou se yon manm lame, Sistèm lan ka divilge enfòmasyon sou sante w jan otorite ki nan tèt lame mande sa.

Konpansasyon Travayè yo. Sistèm lan ka divilge enfòmasyon sou sante w bay Biwo Asirans Aksidan oswa lòt pwogram menm jan an si sa nesèsè.

Aktivite Sante Piblik. Sistèm lan gen dwa itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w nan kad sante piblik, tankou pou fè prevansyon kont pwopagasyon yon maladi, oswa pou resevwa rapò kèk kondisyon medikal, nesans, lanmò, abi, neglijan, ak vyolans nan fwaye.

Aktivite Siveyans Sante. Sistèm lan gen dwa itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w bay yon ajans siveyans sante nan kad aktivite ki otorize pa lalwa, ki gen ladan l tou odit, envestigasyon ak enspeksyon.

Pwosedi Legal. Si w enplike nan yon pousuit legal oswa yon litij, Sistèm lan ka divilge enfòmasyon sou sante w an repons a yon tribinal oswa yon lòd administratif. Sistèm nan kapab divilge enfòmasyon sou sante w tou pou bay repons ak yon konvokasyon nan tribinal, yon demann pou jwenn prèv oswa lòt pwosedi legal pa mwayen yon lòt moun ki enplike nan konfli a, men sèlman si yo te fè efò pou enfòmasyon w sou demann lan oswa pou jwenn yon lòd pou pwoteje enfòmasyon yo mande a.

Aplikasyon Lalwa. Sistèm nan ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w pou rezon aplikasyon lalwa, tankou bagay sa yo: (i) pou idantifye oswa lokalize yon sispèk, yon moun ki sove, yon temwen materyèl, oswa yon moun ki disparèt; (ii) nan sikonstans ki gen rapò ak viktim yon krim; (iii) nan ka lanmò nou kwè ki ka rezilta konpòtman kriminel; (iv) nan ka zak kriminel ki rive nan yon sant NYC Health + Hospitals; epi (v) pou rapòte yon zak kriminel nan yon ijans, kote krim nan oswa viktim yo ye, oswa idantite, deskripsyon, oswa kote moun ki komèt krim nan ye.

Lanmò. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w nan lide pou mete okouran, oswa bay asistans pou jwenn, moun si yo gen otorite legal pou yo aji nan non w, yon reprezantan pèsònèl, oswa lòt moun k ap patisipe nan pran swen w, konsènan lanmò w, amwenske sa pa konfòm ak preferans ou te masyone oswa enstriksyon w te bay alekri.

Koronè, Medsen lejis, Direktè Fineray ak Don Ògàn. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon w bay koronè, medsen lejis, oswa direktè fineray, jan sa nesesè pou yo fè travay yo a. Sistèm lan gen dwa itilize ak divilge enfòmasyon w tou nan lide pou bay ògàn, zye, ak po.

Soutyen aprè Katastwòf. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w bay piblik oswa antite prive ki otorize pa lalwa oswa lòt otorite pou bay sipò pou sekou aprè katastwòf, nan lide pou kowòdone avèk manm fanmi w, pi pwòch paran w, reprezantan pèsònèl, oswa lòt responsab swen w.

Aktivite Sekirite Nasyonal ak Ransèyman. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w bay ofisyèl ransèyman Federal ki otorize, kont-espionaj, ak lòt aktivite sekirite nasyonal ki otorize pa lalwa.

Sèvis ki gen Rapò ak Pwoteksyon Prezidan an ak Lòt Ankò. Sistèm lan ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w bay ofisyèl Federal ki otorize yo nan lide pou yo bay Prezidan an pwoteksyon, ak lòt otorite, chèf leta lòt peyi oswa pou mennen lòt envestigasyon.

Pwoteksyon Espesyal sou Konfidansyalite pou Enfòmasyon sou Tretman SUD

Enfòmasyon sou tretman SUD yo gen pwoteksyon konfidansyalite adisyonèl dapre 42 CFR, Pati 2, ki limite fason Sistèm nan itilize oswa divilge enfòmasyon sou tretman SUD ou a. Sof si ou siyen yon fòmilè konsantman, Sistèm nan ka sèlman divilge enfòmasyon sou tretman SUD ou a nan sikonstans limite jan 42 CFR, Pati 2 pèmèt la. Sistèm nan ka gen otorizasyon pou itilize oswa divilge dosye tretman SUD ou yo san konsantman ekri ou nan ka yon ijans medikal oswa sikonstans espesyal jan 42 CFR, Pati 2 pèmèt la.

Konsantman pou Itilizasyon ak Divilgasyon. Yon sèl konsantman ekri ka itilize pou tout itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon tretman SUD nan lavni pou tretman, pèman, ak sèvis swen sante. Dosye tretman SUD ki divilge bay yon pwogram Pati 2, yon antite ki kouvri, oswa yon asosye komèsyal dapre konsantman ou pou tretman, pèman, ak sèvis swen sante, pwogram Pati 2 sa a, antite ki kouvri a, oswa asosye komèsyal sa a ka divilge plis toujou san konsantman ekri ou, nan limit règleman HIPAA yo pèmèt divilgasyon sa a.

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Entèdi. Sistèm nan pa gen dwa itilize oswa divilge enfòmasyon sou tretman SUD ou a nan okenn pwosedi sivil, administratif, penal oswa lejislatif kont ou san yon konsantman ekri espesifik oswa yon òdonans tribinal ki akonpaye ak yon konvokasyon. Y ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou tretman SUD yo sèlman sou baz yon òdonans tribinal, apre yo fin enfòmasyon ou menm oswa Sistèm nan epi ba ou opòtinite pou w pale devan tribinal la.

Divilgasyon sou Koleksyon Fon. Sistèm nan ka itilize oswa divilge dosye tretman SUD pou kolekte lajan nan avantaj pwogram Pati 2 a sèlman si yo te ba ou yon opòtinite klè epi vizib pou w deside pou pa resevwa mesaj konsènan kolekte lajan. Ou gen dwa chwazi pou w pa resevwa mesaj sou koleksyon lajan an.

Itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou tretman SUD ki pa dekri nan avni sa a ap fèt sèlman avèk konsantman ekri ou. Itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sou tretman SUD yo ka fèt san konsantman ekri si 42 CFR, Pati 2 a pèmèt sa.

Dwa Ou Konsènan Enfòmasyon sou Sante Ou

Ou genyen dwa ki vini apre yo sou enfòmasyon sou sante Sistèm lan konsève sou ou yo:

Dwa pou w Jwenn Aksè epi pou w fè Kopi. Ou gen dwa pou w aksede a yo epi pou w jwenn yon kopi enfòmasyon sou sante w, eksepte nòt tretman psikolojik ak enfòmasyon ki gen rapò ak esè rechèch klinik ki ap fèt. Ou gen dwa pou w mande kopi rapò medikal ou nan fòm w vle a. Pou w jwenn oswa mande yon kopi enfòmasyon sou sante w, silvouplè soumèt demann ou an alekri bay Depatman k ap Jere Enfòmasyon Sante antite oswa sant an. Sistèm lan gen dwa, nan kèk sikonstans ki limite, pou li refize ba w aksè nan enfòmasyon sou sante w, epi nan ka sa tou, pou li founi w yon espikasyon alekri sou desizyon refi sa, an menm tan ou gen dwa tou pou w revoke desizyon sa. Sistèm lan ka enpoze w yon frè rezonab pou kouvri depans pou kreye kopi dosye medikal ou yo. Sistèm lan sipoze mete w okouran alekri de nenpòt ki frè yo prevwa avan pou yo voye enfòmasyon ou mande yo, si enfòmasyon sante sa yo ap pran yon ti tan pou kèlkeswa rezon an, oswa si yo pa ka founi enfòmasyon sante sa yo nan fòm ou mande yo a.

Dwa pou w Pote Modifikasyon. Si w santi enfòmasyon sou sante w yo Sistèm lan genyen an pa kòrèk oswa pa konplè, ou gen dwa pou w mande Sistèm lan pou li korije enfòmasyon sou sante w yo toutotan se Sistèm lan ki kenbe oswa itilize yo. Pou w mande yon koreksyon nan enfòmasyon sante w, silvouplè soumèt demann ou an alekri bay Depatman k ap Jere Enfòmasyon Sante antite oswa sant an. Ou sipoze founi yon rezon pou sipòte demann koreksyon w lan. Selon kèk sikonstans ki limite Sistèm lan gen dwa refize demann ou an. Si yo bay demann ou an refi, Sistèm lan sipoze founi w yon eksplikasyon alekri ki di poukisa li refize l.

Dwa pou w Jwenn Rapò sou Divilgasyon yo. Ou gen dwa pou w fè yon demann sou "kantite divilgasyon yo" ki ap ba w lis kòman Sistèm lan divilge enfòmasyon sou sante w. Gen kèk divilgasyon lis lan p ap genyen, tankou enfòmasyon yo pataje pou tretman w, pèman, oswa fonksyonman swen sante, oswa divilgasyon yo fè ak otorizasyon w. Pou w fè yon demann kantite divilgasyon, silvouplè soumèt demann ou an alekri bay Depatman k ap Jere Enfòmasyon Sante

antite oswa sant an. Demann ou an sipoze kouvri yon peryòd divilgasyon ki pa sipoze pi plis pase sis (6) lane, epi li pa sipoze gen dat ki sitye avan 14 avril 2003. Premye lis ou mande nan yon peryòd 12 mwa ap gratis. Pou lòt lis anplis, Sistèm lan ka mande w pou peye yon frè rezonab.

Dwa pou w Mande Restriksyon. Ou gen dwa pou w mande yon restriksyon nan enfòmasyon sou sante w Sistèm lan ap itilize oswa divilge pou tretman, pèman, oswa fonksyònman swen sante yo. Ou gen dwa tou pou w mande yo limite enfòmasyon yo divilge sou sante w bay moun ki patisipe nan swen sante w, tankou manm fanmi oswa zanmi. Pou w fè demann restriksyon nan enfòmasyon swen sante w, silvoulè soumèt demann ou an alekri bay Depatman k ap Jere Enfòmasyon Sante, Admisyon oswa Anrejistreman sant lan oswa antite a. *Sistèm lan pa oblije dakò ak demann restriksyon w lan.* Si l dakò, Sistèm lan ap travay sou demann ou an, amwenske yo ta bezwen enfòmasyon sou sante w sa yo pou yo ba w yon tretman an ijans.

Dwa pou w Mande Lòt Mwayen Kominikasyon. Ou gen dwa pou w mande Sistèm lan pou li kominike avèk ou sou pwoblèm medikal ou oswa enfòmasyon sou sante w nan yon lòt mwayen oswa yon lòt kote. Pou w fè demann yon lòt metòd kominikasyon, silvoulè soumèt demann ou an alekri bay Depatman k ap Jere Enfòmasyon Sante antite oswa sant an. Demann ou an sipoze bay detay sou kòman ou ta renmen yo kontakte w. Sistèm lan p ap mande w rezon kifè w fè demann lan, epi l ap adapte l ak tout demann ki rezonab.

Dwa pou yo Enfòmasyon w Nan Ka Kote gen Yon Vyolasyon. Ou gen dwa pou yo mete w okouran lè yo pran enfòmasyon sou sante w, lè yo jwenn aksè nan yo, lè yo itilize yo oswa divilge yo nan yon manyè ki pa legal, ak kote Sistèm lan detèmine ke enfòmasyon sou sante w yo ka nan yon move sityasyon (sa yo konn rele "fay sekirite"). Si gen yon fay sekirite nan enfòmasyon sou sante w yo, y ap mete w okouran de fay sekirite sa alekri, nan yon delè 60 jou aprè yo dekouvri vyolasyon sa.

Dwa pou w Jwenn yon Kopi Papyè NPP sa a. Ou gen dwa pou w gen yon kopi an papyè NPP sa nenpòt ki lè. Ou kapab jwenn yon kopi NPP sa a pandan w ap vizite sit entènèt NYC Health + Hospitals la nan <https://www.nychealthandhospitals.org/> oswa pandan w ap kontakte Depatman k ap Jere Enfòmasyon Sante, Admisyon oswa Anrejistreman sant lan oswa antite a.

Dwa pou w Anile Otorizasyon. Si w te bay Sistèm lan otorizasyon pou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w yo, ou kapab anile otorizasyon sa a alekri nenpòt kilè. Si w anile otorizasyon an, Sistèm lan p ap itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante w ankò pou tout rezon ou masyone nan otorizasyon alekri ou a. Li enposib pou Sistèm lan retire nenpòt divilgasyon li te gentan fè avèk otorizasyon w lan.

Plent. Si ou kwè dwa sou konfidansyalite ou yo te vyole, ke enfòmasyon sou sante ou yo (ki gen ladan yo enfòmasyon sou tretman SUD ou a) te konsilte, itilize oswa divilge yon fason ki pa kòrèk oswa si ou gen enkyetid konsènan pratik sou konfidansyalite Sistèm nan, tanpri kontakte Biwo Konfòmite Kòporatif la, Ofisye Konfidansyalite ak Sekirite Kòporatif la pa imèl nan CPO@nychhc.org, oubyen yon fason anonim epi konfidansyèl, atravè Liy Èd sou Konfòmite gratis Sistèm nan nan 1-866-HELP-HHC (1-866-435-7442). Ou gen dwa tou pou w fè yon plent nan Sekretarya Depatman Sante ak Sèvis Imèn lan. *Yo pa p penalize w paske w depoze yon plent.*

Dwa Adisyonèl Konsènan Enfòmasyon sou Tretman SUD:

Parapò ak enfòmasyon sou tretman SUD ou a, ou gen dwa pou:

- mande restriksyon sou divilgasyon ki fèt avèk konsantman davans pou rezon tretman, pèman, ak sèvis swen sante;
- mande epi jwenn restriksyon sou divilgasyon dosye bay plan sante w la pou sèvis ou te peye an antye, menm jan HIPAA aplike pou divilgasyon enfòmasyon sou sante pwoteje;

- jwenn yon rapò divilgasyon dosye elektwonik pou 3 dènye ane yo ak dwa pou yon rapò divilgasyon ki satisfè egzijans HIPAA pou tout lòt divilgasyon ki fèt avèk konsantman;
- jwenn yon lis divilgasyon pa mwayen yon entèmedyè pandan 3 dènye ane yo.